# bul ko ray, ndaxte boo ko rayee moom day nekk sa barab laata nga koy ray, yaw nga nekk ci barabam laata muy wax kàddu gi mu wax

Jële nañu ci Al-Miqdaad ibn Amr Al-Kindii yal na ko Yàlla dollee gërëm: moom dafa wax Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc: waaw xibaar ma bu ma dajee ak jenn waay ci yéefar yi ñu rayante, mu dóor jaaseem ji ci sama benn loxo daal di koy dagg, topp mu làqatu ma ci genn garab, daal di wax ne: man jébbalu naa ñeel Yàlla, ndax dama koy ray yaw Yonnente Yàlla bi ginnaaw ba mu ko waxee? Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: "bul ko ray" mu ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, moom dafa dagg sama benn loxo, daal di wax loolu ginnaaw bi mu ko daggee? Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: "bul ko ray, ndaxte boo ko rayee moom day nekk sa barab laata nga koy ray, yaw nga nekk ci barabam laata muy wax kàddu gi mu wax".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Al-Miqdaad ibn Al-Aswad yal na ko Yàlla dollee gërëm dafa laaj Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc bu dee moom dafa daje ak jenn waay ci yéefar yi ci ab xare, ñu léwtoo ci jaasi yi, yéefar bi cor benn loxoom bi ci jaasi ji daal di koy dagg, topp yéefar bi daw làqatu ci genn garab, daal di wax: laa iLaaha illal-Laahu, ndax dana dagan ci man ma ray ko ginnaaw ba mu daggee sama loxo bi? Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: bul ko ray. Mu ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi, moom dafa dagg sama benn loxo, ndax loolu du tax ma ray ko?! Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ne ko: bul ko ray, ndaxte moom leegi dereetam araam na, te boo ko rayee ginnaaw lislaamam; kon moom mooy nekk ci sa barab di ku ñu araamal deretam ginnaaw lislaamam, yaw nga nekk ci barabam di ku dereetam dagan ci fayyanto ci ray ngi nga ko ray.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee